

Dwa ak Pwotection Ou Genyen Kont Fakti Medikal Sipriz

Lè w resevwa swen ijans oswa lè yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a trete ou nan yon lopital oswa nan yon sant chirijikal anbilatwa ki nan rezo a, ou benefisyè pwotection kont fakti dezekilibre yo. Nan ka sa yo, yo pa ta dwe fè w peye plis pase kotizasyon, ko-asirans ak/oswa franchiz plan w lan.

Kisa "rè s fakti" (sa yo rele kèk fwa "fakti sipriz") ye?

Lè w al wè yon doktè oswa nenpòt lòt pwofesyonèl swen sante, sa ka rive ou genyen kèk [frè pou w peye ak lajan pa w](#), tankou yon [kopeman, ko-asirans](#), epi/oswa yon [dediktib](#). Ou kapab gen pou w peye lòt frè oswa gen pou w peye tout fakti a nèt si w al wè yon pwofesyonèl swen sante oswa vizite yon lòt sant sante ki pa nan rezo asirans sante ou a.

“Deyò Rezo a” vle di pwofesyonèl swen sante ak sant sante ki pa te siyen yon kontra ansanm ak plan asirans sante w la pou yo kapab bay sèvis. Pwofesyonèl swen sante ki deyò rezo a kapab gen otorizasyon pou yo voye fakti pou ou sou diferans lajan ki genyen ant sa plan w lan aksepte peye ak montan total yo chaje pou yon sèvis. Yo rele sa “**rè s fakti.**” Jeneralman montan sa a plis pase pri rezo a pou menm sèvis lan epi yo p ap konte li nan kalkil dediktib plan asirans ou an oswa limit depans anyèl ki soti nan pòch ou an.

“Fakti sipriz” se yon fakti ou pa te atann ak li. Sa kapab rive se lè ou pa kapab kontwole moun ki enplike nan swen sante ou - tankou lè w gen yon ijans oswa lè w planifye yon vizit nan yon sant sante ki nan rezo a men sanzatann se yon pwofesyonèl swen sante ki deyò rezo a ki ba ou swen.

Ou gen pwotection kont rè s fakti pou:

Sèvis ijans

An nou sipoze ou gen yon ijans medikal epi w resevwa sèvis ijans nan men yon pwofesyonèl swen sante oswa sant sante ki deyò rezo. Nan ka sa a, pi plis lajan pwofesyonèl swen sante oswa sant sante a ka voye fakti pou ou se lajan patisipasyon ou bay nan plan asirans ou an (tankou kopeman, ko-asirans, oswa franchiz). Yo **pa** kapab voye rè s fakti ba ou pou sèvis ijans sa yo. Sa gen ladan li sèvis ou kapab resevwa aprè eta sante ou fin estab, sof si ou bay konsantman ou alekri epi ou renonse ak pwotection asirans ou genyen kont rè s fakti pou sèvis sa yo ba w aprè ou fin estab yo.

Kèk sèvis nan yon sant lopital ki nan rezo a oswa nan yon sant chirijikal anbilatwa

Lè ou resevwa sèvis nan yon lopital oswa yon sant chirijikal ambilatwa ki nan rezo a, kèk nan pwofesyonèl swen sante yo kapab deyò rezo a. Nan ka sa yo, pi plis lajan pwofesyonèl swen sante sa yo ka voye fakti ba ou se lajan patisipasyon ou bay nan plan asirans ou an. Sa aplike pou medikaman an ijans, anestezi, patoloji, radyoloji, laboratwa, newonatal, asistan chirijyen, espesyalis swen lopital, oswa espesyalis swen entansif. Pwofesyonèl swen sante sa yo **pa** kapab voye rè s fakti ba ou epi yo pa kapab mande pou w renonse ak pwotection ou genyen kont rè s fakti yo.

Si w resevwa lòt sèvis nan sant sa yo ki nan rezo a, pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo yo **pa kapab** voye rè s fakti ba ou, sof si w bay konsantman ou alekri epi ou renonse ak pwotection ou genyen yo.

Epitou, Iwa New Jersey pwoteje ou pou ou pa resevwa fakti pou sèvis deyò rezo san ou pa rann kont sa

(sèvis ou resevwa nan yon sant sante nan rezo a nan men yon pwofesyonèl swen sante ki deyò rezo a) pou yon montan ki depase montan patisipasyon nan rezo ou a (sètadi, montan franchiz, kopeman, oswa ko-asirans ou t ap ye a si ou te resevwa menm sèvis la nan rezo a).

Yo p ap janm mande ou pou w renonse ak pwoteksyon ou genyen kont fakti dezekilibre yo. Epi ou pa gen obligasyon pou w ale pran swen yon kote ki pa nan rezo a. Ou kapab chwazi yon pwofesyonèl swen sante oswa yon sant sante ki nan rezo plan asirans ou a.

Lè yo pa otorize pou voye rès fakti ba ou, ou gen pwoteksyon sa yo:

- Ou se sèl moun ki responsab pou peye pou frè patisipasyon ou yo (tankou kopeman, ko-asirans, ak franchiz yo ou ta dwe peye si pwofesyonèl swen sante an oswa sant sante an te nan rezo a). Plan asirans sante ou an pral peye pwofesyonèl swen sante a ansanm ak sant sante yo ki deyò a dirèk la
- Jeneralman, plan sante w la dwe:
 - Kouvri sèvis ijans yo san mande pou w gen otorizasyon alavans pou w resevwa sèvis yo (oswa "otorizasyon alavans")
 - Pwofesyonèl swen sante ki deyò yo kouvri sèvis ijans yo
 - Baze sou sa ou dwe peye pwofesyonèl swen sante a oswa sant sante a (lajan patisipasyon) sou sa li ta dwe peye yon pwofesyonèl swen sante oswa sant sante ki nan rezo a epi montre montan sa a nan dokiman ki dekri avantaj yo
 - Konte tout kantite lajan ou peye pou sèvis ijans oswa sèvis ki deyò rezo a nan kalkil franchiz ou yo ansanm ak limit depans ki soti nan pòch ou

Si w panse yo pa t dwe faktire ou konsa,

Kontakte 1-833-335-4010 pou kontakte biwo Sèvis Kliyantèl la pou Virtua Health.

Kontakte Centers for Medicare & Medicaid Services, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal nan 1-800-985-3059 oswa vizite www.cms.gov/nosurprises/consumers pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa ou selon lwa federal.

Vizite <https://www.state.nj.us/dobi/index.html> pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa ou gen anba Lwa Eta New Jersey.

Pou depoze yon plent, kontakte Depatman Bank ak Asirans la nan 609-292-7272 oswa depoze yon plent anliy nan <https://www.state.nj.us/dobi/consumer.htm>.